



Pou Piblikasyon Imedya: 18/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO ENVESTISMAN POU AMEYORE SIPÒ  
SIKYATRIK POU MOUN KI NAN KRIZ YO**

***Gen 27.5 milyon dola pou ogmante finansman pou kabann lopital sikyatrik pou  
pasyan ki entène yo***

***9 milyon dola pou rekrute sikyat ak enfimyè sikyatrik pratikan yo***

***12.5 milyon dola chak ane pou 500 kabann lojman sipò anplis pou loje moun k ap  
fè fas ak sitiyasyon sanzabri***

***Investisman yo bati sou Plan 10 milya dola Gouvènè Hochul la pou amelyore  
sistèm swen sante, ki enkli yon ogmantasyon 577 milyon dola pou pwogram ak  
sèvis sante mantal kominotè yo***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a, nan yon evènman ak Majistra Vil Nouyòk la Eric Adams, te anonse gwo investisman pou ede amelyore aksè a swen sante mantal ki grav ak kabann sikyatrik ospitalye atravè Eta New York. Inisyativ yo fè pati yon plan pou bay sipò ak sèvis ki nesèsè pou moun ki gen maladi mantal grav k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri, ansanm ak lòt moun ki nan kriz. Investisman yo gen ladan 27.5 milyon dola chak ane pou ogmante finansman pou kabann sikyatrik pou pasyan ki entène; 9 milyon dola chak ane pou rekrute sikyat ak enfimyè sikyatrik; ak 12.5 milyon dola chak ane pou 500 kabann lojman sipò anplis pou loje moun k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri nan kominote pa yo.

"Pandan twò lontan sistèm swen sante mantal nou an te soufri akòz dezinvestisman, epi pandemi an te sèlman rann bagay yo pi difisil pou Nouyòkè yo ki gen maladi mantal grav epi k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m kanpe ak Majistra Adams epi pataje efò nou pou ranfòse sèvis tretman sante mantal pou moun manke lojman ki estab, epi pote plis kabann sikyatrik atravè entènèt. Nou dwe travay ansanm pou kenbe metwo nou yo -- ki se fòs vital Vil New York la -- an sekirite pou tout pasaje yo, epi pou jwenn èd ak sèvis pou moun ki nan bezwen yo."

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal la, te deklare,** "Bidjè pwopoze Gouvènè Hochul la ak inisyativ li ap aplike yo vrèman istorik epi yo pral ranfòse rezo sekirite swen sante mantal la yon fason konsiderab nan New York. Aksyon li ap anonse

jodi a, ak apwòch kolaborasyon li ap pran ak Majistra Adams, pral ede bay sèvis rapidman epi yon fason efikas pou moun yo ki sibi yon kriz sante mantal."

Yon kòz ki fè gen mank kabann sikyatrik nan Vil New York ak atravè eta a se ranbousman Medicaid ki pi ba pou swen sikyatrik pou pasyan ki entène an konparezon ak kabann medikal/chirijikal yo. Envestisman 27.5 milyon dola ta ogmante Medicaid aktyèl la pou kabann sikyatrik a 20% epi li ta ede retounen ak kabann yo atravè entènèt pou itilizasyon sikyatrik, enkli plis pase 600 nan Vil New York.

Yon dezyèm defi ak retabli kabann sikyatrik yo se mank sikyat ak enfimyè sikyatrik pratikan nan tout peyi a. Gouvènè Hochul ap angaje 9 milyon dola chak ane pou etabli yon pwogram egzonasyon prè pou rekrute pratik sante mantal sa yo nan mendèv sante mantal ki baze nan kominote a.

Envestisman 12.5 milyon dola chak ane pou 500 kabann lojman sipò anplis yo pral ede tranzisyon pi vit moun ki nan kriz yo soti nan lari yo, nan metwo yo ak nanabri yo pou ale nan yon lojman ki estab. Inite sa yo pral bay Eta a resous adisyonèl li pral bezwen pandan ekip Sipò pou Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) Gouvènè a ap sou entènèt nan prentan an. Inite adisyonèl sa yo pral konplete 10,000 inite lojman sipò yo te anonse nan plan lojman 25 milya dola Gouvènè a.

Envestisman sa yo pral bati sou Plan 10 milya dola Gouvènè a pou amelyore sistèm swen sante, ak bidjè pwopoze a, ki enkli yon ogmantasyon istorik 577 milyon dola ki reprezante (17.2%) pou pwogram ak sèvis sante mantal kominotè ki enpòtan anpil yo. Inisyativ bidjè sa yo enkli:

- Envestisman 21 milyon dola pou devlope 20 nouvo ekip SOS ki gen ladann espesyalis sante mantal pou fè sansibilizasyon dirèk fas-a-fas ak Nouyòkè k ap fè fas ak sitiyaasyon sanzabri yo
- Plan lojman 25 milya dola ak yon angajman pou kreye ak prezève 10,000 inite lojman sipò pandan senk ane k ap vini yo pou anpeche sitiyaasyon sanzabri
- investisman mendèv atravè yon Ajisteman nan Depans Sibzistans (Cost of Living Adjustment, COLA) istorik ki se 5.4% pou founisè sante mantal kominotè yo ak bonis retansyon ki rive jiska 3,000 dola
- Envestisman 35 milyon dola pou ane fiskal 2023 ki vin rive nan 60 milyon dola nan ane fiskal 2024 la pou prepare New York pou lansman nasyonal 9-8-8 la, yon sistèm liy dirèk pou prevansyon swisid ak kriz sante konpòtmantal, nan prevwa ekspansyon kapasite sant apèl yo.

**Senatè Samra Brouk te deklare,** "Nan sa ki gen pou wè ak sante mantal, Eta New York ap fè fas ak yon kriz, kote anpil lavi deja pèdi ak anpil lòt ki an danje. Nou pa ka inyore oswa anprizone pòt soti nou nan kriz sa a ankò, se poutèt sa mwen te defann solisyon ki pwouve epi ki baze sou tretman nan Sena a tankou lojman sipò, ki asire ke yo satisfè bezwen tretman fanmi nou yo ki pa loje epi tretman yo aksesib. Apre plizyè

deseni ap fèmen kabann pasyan ki entène yo menm lè bezwen yo ap ogmante, lidèchip Gouvènè Hochul a se yon ranvèsman ki bye akeyi, epi envestisman enpòtan jodi a ankouraje mwen pou amelyore sipò sikyatrik pou moun ki nan kriz yo. Pandan n ap kontinye travay sou yon Bidjè Eta ki abòde bezwen fanmi nou yo konplètman, mwen espere kontinye bati sou envestisman sa yo ansanm pou adrese bezwen swen sante mantal Nouyòkè yo ki pa satisfè yo."

**Aileen Gunther, ki se yon Manm Asanble, te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou gwo envestisman li ap fè nan sante mantal. Nou bezwen sipò sa a kounye a plis pase anan. Mank sipò pou swen sante mantal nan eta sa a te lakoz yon kriz. Nou te di sa pandan plizyè ane epi mwen byen kontan eta finalman entèvni sou plato a pou asire sipò ak sèvis yo disponib."

**Kajistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare,** "Nou pa ka fèmen je nou lè Nouyòkè parèy nou yo nan kriz. Nou pa ka kontinye aksepte yon sistèm ki fòse rezidan nou yo chècheabri nan metwo nou yo, yo rete san yo pa gen okenn lòt kote pou yo vire. Li pa pral kontinye nan Vil New York. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou patenarya li pandan n ap dirije ansanm avèk konpasyon, senpati, ak sipò. Envestisman sa yo nan sante mantal prale nan direksyon moun ki pi bezwen li yo epi ede mennen Nouyòkè ki pa gen kay nou yo lakay yo."

**Manm Konsèy Linda Lee te deklare** "Amelyore sistèm swen sante mantal Vil New York la dwe kòmanse ak ede moun ki pi vilnerab pami nou yo resevwa tretman. Mwen bat bravo pou inisyativ Gouvènè Hochul ak Majistra Adams te anonse pou ogmante finansman pou lojman sipò ki stab ansanm ak tretman pou Nouyòkè ki bezwen asistans pou sante mantal yo yon fason dezespere. Envestisman sa yo pral ede fè Nouyòkè yo soti nan lari yo, pou yo antre nan lojman ak tretman, epi ede amelyore filyè pou pratikan ki tèlman nan bezwen yon fason dezespere nan lari yo nan Vil nou an"

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)